**Pou Piblikasyon Imedya:** 19/02/2021 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

# GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN 12 POUSAN NOUYÒKÈ KI DEJA RESEVWA OMWEN YON DÒZ NAN VAKSEN COVID-19 LA

***Jiska 11 AM jodi a, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 98% nan premye dòz yo te resevwa nan semèn 1-9 yo***

***Tablodbò Vaksen an pral ajou chak jou pou bay mizajou sou pwogam vaksinasyon eta a; ale sou ny.gov/vaccinetracker; Tablodbò a genyen ladan l done demografik kounye a***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gen 12.1 pousan Nouyòkè ki deja resevwa omwen yon dòz nan vaksen COVID-19 la. Jiska 11AM jodi a, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 98 pousan nan premye dòz yo te resevwa pou premye dòz semèn 1-9 yo. Alokasyon semèn 10 gouvènman federal la te retade akòz tanpèt ivènal ki afekte majorite pati nan peyi a - New York kontinye kontwole sitiyasyon an epi travay avèk founisè yo ak patnè federal yo pou adrese pwoblèm transpò sa yo. Lokal distribisyon medikal yo nan New York bay 88 pousan nan dòz yo te distribiye jiska prezan yo.

"Nou deja rebondi anba vag apre jou ferye yo epi to enfeksyon nou an se to ki pi ba depi anvan sezon fèt la - sa a se yon bon nouvèl, men nou dwe rete vijilan paske ko genyen lagè sa a toutotan chak Nouyòkè pa vaksinen epi New York pa gen COVID", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Malgre apwovizòynman ki limite chak semèn nan, vas rezo distribisyon New York la ak efò kominotè yo deja ap travay pou mete vaksen nan bra yo pi vit ak jistis jan sa posib, nou deja administre plis pase 3.5 milyon vaksen, men nou senpleman bezwen plis dòz. Kounye a nou wè reta tou nan ekspedisyon vaksen semèn 10 la akoz kondisyon metewolojik ekstrèm epi n ap travay avèk gouvènman federal la ak sit distribisyon nou yo sou tèren an pou minimize enpak sa a genyen sou Nouyòkè yo."

Anviwon 10 milyon Nouyòkè elijib kounye a pou resevwa vaksen an. Gouvènman federal la te ogmante apwovizyònman pa semèn nan a plis pase 20 pousan pou twa semèn k ap vini yo, men gran rezo distribisyon New York ak gwo popilasyon moun ki elijib a toujou lajman depase apwovizyònman k ap soti nan gouvènman federal la. Piske apwovizyònman an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Yo te mete zouti evalyasyon 'Am I Eligible' (Èske Mwen Kalifye) a ajou pou moun ki gen komòbidite ak pwoblèm ki akonpaye yo avèk nouvo randevou yo ki te pibliye sou yon baz kontinyèl pandan semèn k ap vini yo. Apati semèn pwochèn lan, depatman sante lokal yo pral resevwa alokasyon vaksen tou pou moun sa yo. Nouyòkè yo ka itilize sa ki annapre yo pou montre ke yo kalifye:

- Lèt doktè, oswa
- Enfòmasyon medikal ki pwouve komòbidite a, oswa
- Sètifikasyon ki siyen

Chif pwogram vaksinasyon ki anba yo se pou dòz ki distribye epi livre nan New York pou pwogram vaksinasyon an, e yo pa genyen ladan yo sa ki rezève pou pwogram Etablisman Swen Alontèm gouvènman federal la. Men yon repatisyon done sou baz kantite ki repòte bay Eta New York a 11 AM jodi a. Apati semèn 9 la, alokasyon total yo genyen kèk dòz vaksen anplis ke nou te redistribye nan pwogram Etablisman Swen Alontèm federal la. Alokasyon total ki anba a genyen ladan l 40 pousan alokasyon semèn 10 la ki prevwa fin distribye bay sit founisè New York yo dimanch.

**REPATISYON NAN TOUT ETA A**
Premye Dòz yo Resevwa - 2,335,250
Premye Dòz yo Bay - 2,147,076
Dezyèm Dòz yo Resevwa - 1,284,300
Dezyèm Dòz yo Administre - 1,033,367

| Rejyon | Kantite Dòz yo Resevwa Ototal (1ye ak 2yèm) | Kantite Dòz yo Administre Ototal (1ye ak 2yèm) | % Total Dòz yo Administre/Resevwa (1ye ak 2yèm) |
|---|---|---|---|
| Capital Region | 228,670 | 194,014 | 85% |
| Central New York | 191,470 | 170,913 | 89% |
| Finger Lakes | 216,700 | 200,173 | 92% |
| Long Island | 452,000 | 400,993 | 89% |
| Mid-Hudson | 340,370 | 277,136 | 81% |
| Mohawk Valley | 103,685 | 86,512 | 83% |
| New York City | 1,617,410 | 1,405,292 | 87% |

| | | | |
|---|---|---|---|
| North Country | 116,705 | 111,482 | 96% |
| Southern Tier | 114,075 | 108,128 | 95% |
| Western New York | 238,465 | 225,800 | 95% |
| Nan tout Eta a | 3,619,550 | 3,180,443 | 88% |

| | 1ye dòz yo livre konplètman bay New York pou Sit Distribisyon Swen Sante yo | 2yèm dòz yo livre konplètman bay New York pou Sit Distribisyon Swen Sante yo | Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, TOTAL) | KIMILATIF |
|---|---|---|---|---|
| **Semèn 1 Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20** | 90,675 | 0 | 90,675 | N/A |
| **Semèn 2 Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27** | 392,025 | 0 | 392,025 | 482,700 |
| **Semèn 3 Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03** | 201,500 | 0 | 201,500 | 684,200 |
| **Semèn 4 Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10** | 160,050 | 90,675 | 250,725 | 934,925 |
| **Semèn 5 Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17** | 209,400 | 45,825 | 255,225 | 1,190,150 |
| **Semèn 6 Dòz k ap vini nan** | 250,400 | 428,100 | 678,500 | 1,868,650 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **dat 01/18 - 01/24** | | | | |
| **Semèn 7 Dòz k ap vini nan dat 01/25 - 01/31** | 250,400 | 160,450 | 410,850 | 2,279,500 |
| **Semèn 8 Dòz k ap vini nan dat 02/01 - 02/07** | 320,525 | 208,800 | 529,325 | 2,808,825 |
| **Semèn 9 Dòz k ap vini nan dat 02/8 - 02/14** | 317,700 | 244,500 | 562,200 | 3,371,025 |
| **Semèn 10 Dòz k ap vini nan dat 2/15 - 2/21*** | 142,575 | 105,950 | 248,525 | 3,619,550 |

**Chif sa yo reprezante 40 pousan alokasyon semèn 10 la. Yo prevwa pou alokasyon konplè semèn 10 la rive nan fen jounen dimanch 21 fevriye a.*

Jiskaprezan, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 98 pousan premye dòz yo te resevwa nan men gouvènman federal la pou semèn 1-9 yo, men akòz alokasyon limite gouvènman federal la, randevou yo te ranpli byen vit. Pou ou detèmine si ou elijib ak pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, ou ka vizite sitwèb 'Èske M Elijib (Am I Eligible)' a. Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè, oswa lopital lokal yo pou yo jwenn plis enfòmasyon ak pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19 (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflete mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans envestigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki kalifye a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU